

*Secrétariat Trwe
du Président Jean-Bertrand Aristide
Entèvansyon Prezidan Jean-Bertrand ARISTIDE
nan Légliz Sakre-Kè
Wachintonn
Jou ki te dimanch 30 me 1993*

Nou kontan salye frè nou yo, non sèlman pou akèy yo ba nou,
men pou jan yo fè youn avèk nou chak ki la a
pou te vin di nou lapriyè ansanm nan lokazyon Fèt Lapannkot la,
benyen nan Lespri Sen an,
pou nou menm otorite konn sa sa vle di
pa fè tèt nou pase pou chèf k ap kraze,
men swiv Jésus lan sèvi frè w ak sè w,
nan defann dwa yo, nan pwoteje dwa yo,
nan lave pye yo jan Jésus te fè l.
Konsa, pandan n ap kontinye fè travay sa a,
nou ka imagine aswè a kòman nou menm, gouvènman konstitisyonèl la,
nou kontan pou nou benyen nan lespri sa a ki se lespri Sentespri.

Lè n ap plenyen de sistèm sa a,
nou sonje manman yo
paske, jodi a, n ap fete manman yo.
Se pou sa, m pral fè yon dyalòg, avèk nou,
pou n wè kòman ansanm
nou ta kapab ranmase youn, de lide nou konnen deja
pou fè l tounen yon bouke flè pou nou remete sou tèt manman yo.

Tout ptit ki la a, se avèk nou m ap pale, pou n pale avèk manman yo.
Mwen ta renmen mande nou, èske nou konn wè manman nou ap fè lesiv ?

Wi ou non ?

(Tout moun reponn wi).

Lè manman nou ap fè lesiv, ak ki sa nou wè li sèvi ?

Savon.

Ak ki sa ankò ?

Dlo.

Ankò ?

Batwèl.

Ankò ?

Dife.

Ak ki sa ankò ?

Sitwon.

Ak ki sa ankò ?

Klowòks.

Ak ki sa ankò ?

Zoranj. Dlo zoranj si.

Èske nou pa janm wè manman nou k ap fè lesiv ak paydefè ?

Non.

Èske nou konn wè manman nou k ap fè lesiv avèk vinèg ?

Non.

Manman k ap fè lesiv avèk piman bouk ?

Non.

Sa yo fè avèk piman bouk ?

Manje.

Yo mete l nan manje, men yo pa fè lesiv ak piman bouk.

An Ayiti, kote pèp la ap fè lesiv tou,
tankou manman k ap fè lesiv pou l netwaye peyi a,
pou l retire tach san, tach koripsyon, tach eksplwatasyon,
nou vin redi Bondye, ansanm avèk tout ayisyen,
tankou manman ki konn fè lesiv,
n ap pran dlo lajistik, savon konstitisyon an, digo lalwa
pou nou kontinye lave, netwaye, pwòpte.

Men, gen yon bagay nou pat sèvi avè l anpil pandan 20 mwa n ap chache fè lesiv sa a,
m pral envite nou ofisyèlman, envite tout pèp ayisyen an
pou l pa blye enstriman sa a.

Anvan m di enstriman an, banm fè yon rale vini
sou lòt lesiv y ap fè nan sa yo rele negosasyon.

Ki lè yo mete kloròks lè w ap fè lesiv ?

Lè gen tach

Wi, lè gen tach. Mesye ki pa gen Lesprisen an,
ki pa gen lespri laverite a avèk yo, ki gen manti a nan tèt yo,
lè yo di y ap ede n fè lesiv pandan 20 mwa a pou nou kapab lave kay la,
lave peyi nou an, nou wè yo mete dilatwa kloròks,
11 latwa kloròks, 12 latwa kloròks,
13 latwa kloròks, 14 latwa kloròks,
jiskaske 20 mwa fin pase.

Ou sòti nan dilatwa, ou tonbe nan dilatwa, kay la toujou rete sal.

Ou rekòmanse nan 10 latwa kloròks, 11 latwa kloròks,

12 latwa kloròks, 13 latwa kloròks.

Si nou betize n ap kontinye fè menm kalite mòd lesiv sa a avè yo

pou n pase de dilatwa a dilatwa,
rekòmanse 10 latwa kloròks, 11 latwa kloròks,
12 latwa kloròks, 13 latwa kloròks;
rekòmanse, pase lan dilatwa tonbe lan dilatwa,
epi n ap jwenn 10 latwa kloròks.

Ki sa ankò ?

11 latwa !

Onz latwa kloròks, ankò ?

12 latwa !

Apre sa ?

13 latwa !

Apre sa ankò ?

14 latwa !

Èske mòd lesiv sa a bon ?

Non !

Èske lesiv sa a fèt avèk dlo lajistik ?

Non !

Èske lesiv sa a fèt avèk Lesprisen an ?

Non !

Granmoun lontan, lè yo pa jwenn Fab pou yo fè lesiv,
lè yo pa jwenn machin pou yo fè lesiv,
lè yo pa jwenn kloròks pou yo fè lesiv,
yo pran rad yo, yo mete yo nan kivèt, yo pran sitwon, yo pran wout larivyè,
epi yo chèche yon bon jan batwèl.

Se batwèl sa a, mwen vin envite pèp ayisyen an ranmase.

Pèp ayisyen, nan non Lesprisen an, si nou pa kite lespri limyè sa a gide nou,
nan kalfou sa a nou pa ranmase batwèl nou,
onon zansèt nou, onon Sentespri k ap klere nou kòmsadwa,
n ap pèdi tan nou jiskaske nou tounen pwa tann.

Paske, lè lesiv negosyasyon an te kòmanse,
yo te di y ap pran sanksyon anbago tankou yon savon pou yo ede nou fè lesiv la.
Èske anbago a mache ?

Non !

Èske anbago a fè lesiv negosyasyon an fèt ?

Non !

Sòti nan anbago, yo di y ap fè misyon sivil rive lakay
pou yo kapab fè lesiv negosyasyon an lave kay la.

Èske Misyon Sivil la reyisi fè lesiv sa a ?

Non !

Sòti nan misyon civil,
yo di nou y ap pran kloròks Fòs Polis entènasyonal pou yo kapab fè lesiv sa a fèt.
Eske nou kwè toutbon vre jan yo di yo pral fè l la,
la fèt konsa san li pa gen yon diplis ladan l ?

Non !

Gen yon diplis ladan l.

Se pou sa, pandan nou menm, nou di sou zafè polis entènasyonal la,
nou p ap achte chat nan makout,
annatandan koze a vin pi klè
pou n konnen ki jan pou nou bay repons nou klè kou dlo kokoye,
n ap kite Lesprisen an, lespri laverite a, lespri Bondye a gide n,
pou nou di pèp ayisyen an sa k pa gen batwèl, chèche batwèl nou.
Se chak ayisyen ki pou fè l.

Nou mande nan non Bondye
pou chak ayisyen ranmase batwèl nonvyolans,
ranmase batwèl lajistis, ranmase batwèl mobilizasyon,
ranmase batwèl rezistans, ranmase batwèl tèt ansanm,
pou nan 9 depatman peyi d Ayiti ak nan Dizyèm depatman an,
sa yo te wè jou 30 septanm 1991 e pandan tout 20 mwa yo
pou te kenbe yon negosyasyon,
men ki te mache ak yon rezistans manch long ki fè 100 000 moun nan lari tèt anlè,
yo fèk kòmanse wè l,
paske nou menm, pèp ayisyen, nou fèk kòmanse mache avèk batwèl sa a nan men nou
pou nou reziste koulye a kòmsadwa.

Se kado sa a, Manman nou, Ayiti, mande n.

Se kado sa a, Manman nou, Ayiti, mande chak ayisyen :

Leve, kanpe, reziste, mache ak batwèl li nan men l.

Lè sa a, travay Bondye kòmanse fè avèk pèp ayisyen an atravè lemondantye,
a pral blije fèt. Se sa menm nan fèt Lapannkot la nou te wè lan premye mesaj la :
te gen 17 kalite nasyon ki te rasanble ansanm,

Lesprisen an t ap klere yo. Youn pale, lòt la konprann.

Jodi a, pèp ayisyen, Bondye chwazi l jan l te chwazi yon pèp ki te pòv, pèp Izrayèl la,
jan l te chwazi Jésus ki te pòv, li chwazi pèp ayisyen an, yon pèp pòv
pou vin pale yon pawòl demokrasi atravè lemondantye,
pou lemondantye tandem vwa nou pou, nou menm, nou kontinye pale avè yo,
pou nou kapab ede yo fè demokrasi a tounen limyè Bondye
k ap klere tout pèp sou latè beni.

Se pou sa prezidan Clinton gen chans.

Wi, li jwenn pèp ayisyen ak batwèl sa a nan men l

pou ede fè demokrasi a tounen nan peyi d Ayiti.
Paske si sa pa fêt, se t ap yon echèk total kapital,
e pou pèp ayisyen an e pou prezidan Clinton.

Se pou sa, isit Ozetazini, peyi ki genyen plis pwisans militè nan men I,
e ki a 4 è 10 minit avyon peyi ki pi pòv nan Karayib la
mande Lèzetazini ak Ayiti mache mendanlamen,
avèk batwèl nonvyolans sa a ki pou bay yon rezistans aktiv,
yon mobilizasyon mache prese
pouke toupatou yo wè peyi ki pi pwisan an pa rete ap gade peyi ki pi pòv la,
men li pwomèt li demokrasi pou li pa kontinye ap mouri anba zam zenglendo,
san I pa ta fè demokrasi a retounen ladan I.

Nou menm, pèp ayisyen, nou di Bondye : sa a, wi, nou prezan.
Nou di Lèzetazini : wi, nou prezan, pou ansanm avè I
nou demontre avan lan 2000 rive
limyè demokrasi sa a ki te kòmanse manifeste I nan 17 kalite nasyon yo,
n ap fè I manifeste I nan je lemond
lè nou fè demokrasi a retounen an Ayiti; e fòk li retounen kanmèm.

N ap di Bondye mèsi paske li bay yon lespri ki pa mouri,
li bay yon lespri ki pa kapab mouri.
Nou vin di Bondye mèsi paske lespri sa a fè nou menm, ayisyen,
nou pa wont tèt nou, menm jan yon bon manman pa janm wont pitit li.
Yon bon manman toujou ap fè lesiv pou I netwaye pitit li, pou li fè pitit li vin bèl.
Yon bon manman toujou ap chèche wè ki jan pou I fè pitit li vin bèl nan je tout moun.
Chak fwa pitit la vin pi bèl, manman an vin pi kontan.
Manman ayisyen ki la yo, tankou tout manman ayisyen,
nou fyèr, lè nou pa konn li, pou nou fè tout kalite sakrifis
pou pitit nou vin konn li, lè nou pat gen chans pou nou t al lekòl,
nou kontan gade pitit nou ki te al lekòl, ki rive konn li.
Se pou sa, aswè a lan Fèt Lapannkot sa a, menm si limilite envite nou pa pale de tèt nou,
men kòm, nou, nou se pitit manman peyi d Ayiti, n ap pale sou sa ki sot fêt nan semèn nan,
ki montre kouman laglwa tout manman peyi d Ayiti manifeste nan je lemondantye
nan semèn sa a ki sot pase a.
Jedi, yon Inivèsite, isit Ozetazini nan Nouyòk, ba nou yon diplòm
pou fè nou tounen Doktè nan Defann Dwa Kretyen Vivan.
Se pa mwen menm ki resevwa tit doktè sa a, se tout pitit peyi d Ayiti,
manman pòv la ki glorifye, manman nou, Ayiti,
paske yon Inivèsite Ozetazini rekonèt ki jan pèp ayisyen an ap defann dwa moun.
Konsa, yo pase atravè mwen menm pou retire chapo devan manman nou Ayiti
pou di I nou deklare pitit sa a, li doktè nan defann dwa moun.

Sa te fèt jedi.

Nan vandredi ki sot pase a yon lòt Inivèsite, isit Ozetazini, retire chapo I
pou li deklare nou, bò kote pa li, yon lòt fwa ankò doktè nan defann dwa moun.
Se manman nou, Ayiti, ki onore.

Èske isit, Ozetazini, 2 inivèsite sa yo pa reprezante 2 limyè sou wout fè nwa nou an ?

Èske isit, Ozetazini, chak fwa gen Inivèsite ki gen etidyan ki fè grèvdelafen
pou fè solidarite avèk frè nou ayisyen k ap mouri nan Gwanntanamo,
èske yo pa reprezante limyè lespri k ap defann frè nou ?

Èske isit, Ozetazini, chak fwa nou jwenn ameriken pou fè wout avè n
pou defann dwa plis pase 400 ayisyen ki nan prizon isit Ozetazini
yo mete chenn nan men yo, chenn nan pye yo,
èske ameriken sa yo, lè yo fè solidarite avè nou,
yo pa demonstre menm lespri Bondye a manifeste lan yo ?

Wi !

Sa vle di, isit, Ozetazini, limyè a manifeste,

li rekonèt Ayiti gen ptit ki merite yo pwoklame yo doktè nan defann dwa moun.

Se konsa nan fèt manman yo, nou, ptit ayisyen, nou vin di tout manman pòv nou yo,
tout manman ki pa konn li nou yo, tout manman k ap trimen,
k ap trennen, k ap soufri yo : kouraj ! Konpliman !

Paske yo pat travay pou granmèsi.

Nou gen anpil ptit ki sot nan bél zetwal k ap klere nan je lemond;
se pou sa lemond, yon jou, va wete chapo devan nou
pou li kontinye di nan zantray nou gen kouraj pou defann dwa moun.
Chapo ba pou wou, se piti ou piti, men ou pa pitimi san gadò.

Tout manmi cheri nou yo, tout ptit ki anndan peyi a kòm nan Dizyèm depatman an,
paske jodi a nou gen chans pou nou kite lespri a klere n,
pou nou kite pwisans lespri a manifeste lan nou, nou vin renouvle volonte n,
nou menm nan gouvènman an, ki te konnen devwa n,
se fè otorite tounen sèvitè, menm jan Jésus te fè l,
nou vin di Bondye nou senk kare ofri w lavi n pou n kontinye fè travay sa a.

Nou tout, militan sou beton,

ki konprann manman nou, an Ayiti,
gen difikilte pou l pran lari a pou nou,
ebyen jodi a, mwen mande, onon Bondye, pou yo ranmase batwèl la,
nou menm andedan an, nan 9 depatman yo, nou kapab fè l.

E nou menm, nan Dizyèm depatman an, mwen vin mande nou,
paske nou gen plis posibilité pou n pran lari a pou nou,
se pou nou pran l leplisouvanke jan nou te konn prann,
an pi gran nonb pase jan nou te konn prann,
pouke avan lontan yo vin konprann sèl solisyon an

se sispann fè 10 latwa, 11 latwa, 12 latwa, 13 latwa
pou demokrasi a retounen andedan lakay.

Èske nou pare pou nou bay rezistans manch long sa a ?

Wi !

Èske nou dakò pou n bay mobilizasyon manch long sa a ?

Wi !

Èske nou dakò pou nou kontinye bay li jiskaske demokrasi a retounen lakay ?

Wi !

Èske gen pitit ki gen fyèl ?

Wi !

Èske gen pitit ki gen nanm ?

Wi !

Èske gen pitit ki gen kè ?

Wi !

Manman gen fyèl pou l soufri ak pitit,
se pou pitit gen fyèl pou l soufri pou manman.

Manman gen kè pou l renmen pitit,
se pou pitit gen kè pou l renmen manman l.

Lè w gen fyèl pou kontinye defann manman w,
lè w gen kè pou kontinye renmen manman w,
se fyèl ak kè pou kontinye defann Ayiti, Manman nou,
paske se sa l ap tann lan men nou, jodi a.

Sè m yo, frè m yo, yon lòt fwa ankò,
nan non gouvènman konstitisyonèl la,
nou di mèsi pou bèl rankont sa a,
pou bèl seremoni, sèvis lapriyè sa a,
nou di nou chak ki la, anpatikilye manman yo, menm mèsi a
paske se grasa rankont sa a, pandan n ap benyen lan lespri a.
nou vin renouvele volonte n,
nou vin chache batwèl la, pandan n ap kanpe pou n ranmase batwèl la
pou nou kapab mache avè l, fè demokrasi a retounen avan lontan.

Konsa, rèl nou konn pouse ki se rèl Lesprisen an,
ki mande pou nou fè menm kri nou konn pouse lan batay san pran souf sa a,
pou n kapab fè demokrasi a tounen lakay,
nou pral pouse l tankou yon sèman devan Bondye, avèk Bondye
pou n kontinye vanse pi rèd :

(*Vwa prezidan an ak vwa tout fidèl yo*)

Yon sèl nou fèb

Ansanm nou fò

Ansanm ansanm nou se Lavalas

Se sa men se poko sa nèt. Ban mwen I avèk tout trip nou.

(*Vwa prezidan an ak vwa tout fidèl yo*)

Yon sèl nou fèb

Ansanm nou fò

Ansanm ansanm nou se Lavalas.